

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Métodologi Panalungtikan

Léngkah munggaran dina unggal panalungtikan nya éta nangtukeun métode nu bakal digunakeun dina panalungtikan. Hal ieu perlu dilakukeun sabab métode mangrupa cara pikeun nangtukeun hasil henteuna tujuan nu hayang dihontal.

Métode panalungtikan nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan (Surachmad, 1983:21). Dumasar kana tujuan anu baris dihontal, métode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta métode déskriptif.

Nu dimaksud métode déskriptif nya éta hiji métode pikeun ngungkulan masalah anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data (Surachmad, 1983:143). Nu baris didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta sakuruna rarangkén hareup nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*.

3.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Ulikan pustaka/studi bibliografis, nya éta nalaaah sumber anu rélévan jeung masalah anu ditalungtik sarta bisa ngarojong léngkah-léngkah dina nyusun laporan panalungtikan. Téhnik ulikan pustaka/studi bibliografis ieu

- digunakeun dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data jeung bahan, ku cara maca jeung neuleuman eusi buku nu aya patalina jeung panalungtikan,
- b. Obsévasi naskah atawa wacana, nya éta pikeun ngaidéntifikasi jeung nyirian sakabéh kecap rundayan anu maké rarangkén (préfix) dina éta naskah.

3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Dina panalungtikan ieu nu jadi alat pikeun ngumpulkeun data nya éta mangrupa kartu data. Data kecap rundayan anu maké rarangkén hareup dicatet dina kartu data anu geus disusun sacara alfabétis. Ieu di handap conto kartu datana:

Gambar 3.1.

**CONTO KARTU DATA RARANGKÉN HAREUP
DINA NOVEL *BARUANG KA NU NGARORA***

No:	No. data:
Data	:
Analisis	:
Fungsi	:
Harti	:

Sakabéh data nua aya dina kartu data téh disusun sácara alfabetis dina wangun tabél di handap ieu.

TABÉL 3.1.

DATA KECAP RUNDAYAN BINARUNG RARANGKÉN HAREUP

DINA NOVEL BARUANG KA NU NGARORA

No. Data	Rarangkén hareup	Kecap rundayan	f	%	Keterangan data
1	2	3	4	5	6

Data rarangkén hareup téh disusun terus dianalisis dumasar kana fungsi jeung hartina dina ngawangun kecap séjén. Hasil analisis didéskripsikeun wangun tabél, saperti ieu di handap.

1. Hasil analisis fungsi rarangkén hareup, didéskripsikeun dina wangun tabél di handap ieu.

TABÉL 3.2

FUNGSI DÉRIVATIF RARANGKÉN HAREUP *ba-*

No.		Kecap rundayan	f	%
urut	data			
1	2	3	4	5

2. Hasil analisis harti rarangkén hareup, didéskrupsikeun dina wangun tabel di handap ieu.

TABÉL 3.3

HARTI RARANGKÉN HAREUP di-

(a) 'kalakuan aktif'

No.	Kecap Rundayan	<i>f</i>	%	Harti
1	2	3	4	5

3.4. Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.4.1. Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto, 1989:102). Unggal panalungtikan salawasna pakait jeung populasi. Nu jadi populasi dana panalungtikan ieu nua éta sakabéh rarangkén herup (préfiks) wangun salancar nu aya dia novel *Baruang ka nu Ngarora*.

3.4.2. Sampel

Nu dimaksud sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi anu ditalungtik (Arikunto, 1989:104). Dumasar kana watesan jeung tujuan panalungtikan, nu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta sampel total, sampel nu jumlahna sarua jeung populasi. Jadi, sampel nu baris digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta sakumna rarangkén hareup wangun salancar nu aya dina novel *Baruang ka nu Ngarora*.

3.5. Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ngolah data ieu ngawengku:

- a. ngecék data, tujuanna pikeun meunangkeun bebeneran nepi ka bisa meunangkeun data nu sohih,
- b. nglasifikasikeun atawa milah-milah dat nu ngandung rarangkén hareup dumasar sumber babandinganana.
- c. nyusun tabél rarangkén sacara alfabétis bari nyatet frékuénsi jeung sumber datana,
- d. nganalisis adega, fungsi, jeung harti,
- e. nyusun kacindekan.

3.6. Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan panalungtikan dina wangun skripsi.

